

Lokal yo

BOSTON

Boston Medical Center
Children's Hospital - Boston

(617) 414-5251
(617) 355-7713

BROCKTON

Brockton Neighborhood Health Center

(508) 894-3299

LAWRENCE

Greater Lawrence Family Health Center
(NOTE: Only GLFHC clients are eligible)

(978) 686-3017

LOWELL

Lowell Community Health Center

(978) 937-9700

NORTH ADAMS

Berkshire Medical Center, Operation Better Start

(413) 445-9243

NORTH DARTMOUTH

Children's Hospital - North Dartmouth

(617) 355-7713

PITTSFIELD

Berkshire Medical Center, Operation Better Start

(413) 445-9243

SPRINGFIELD

Caring Health Center

(413) 739-1100

WALTHAM

Children's Hospital - Waltham

(617) 355-7713

WORCESTER

UMass Memorial Medical Center

(774) 442-3028

MASSACHUSETTS Pwogram Kwasans ak Nitrisyon



**Growth &
Nutrition
Program**

Aprann plis sou:
mass.gov/GrowthAndNutrition

Ede Piti Ou Pwospere



Si pitit ou gen mal pou grandi, chèche konnen kijan Pwogram Kwasans ak Nitrisyon kapab ede!

Kèk timoun gen pwoblèm kwasans. Sa ka rive pou plizyè rezon tankou yon reta nan devlopman, alèji manje, monte asid, oswa lòt kondisyon medikal. Nan ka sa a, yo ka refere pitit ou a nan yon Pwogram Kwasans ak Nitrisyon pou èd ak sipò.

Pwogram Kwasans ak Nitrisyon yo sitiye nan tout Massachusetts. Yo bay sipò medikal, nitrisyonèl ak sosyal pou nouris ak timoun jiska 6 an. Ekip pedyat, enfimyè pratikan, dyetetisyen, travayè sosyal ak lòt pwofesyonèl pral ede ou pran swen pitit ou.

Kisa pou atann

Nan premye vizit ou nan Pwogram Kwasans ak Nitrisyon, ou menm ak pitit ou a pral rankontre ak ekip pwogram nan. Li pral verifye kwasans pitit ou epi pral aprann sou manje pitit ou manje.

Pandan randevou sa a, ou ka oryante pou lòt sèvis tankou terapi lapawòl pou travay sou motrisite oral oswa terapi pwofesyonèl pou travay sou devlopman sansoryèl. Ou ka oryante tou nan pwogram tankou WIC ak SNAP pou jwenn aksè nan manje ki bon pou sante ak edikasyon sou nitrisyon.

Ou menm ak ekip la ap vini ak yon plan manje pou ede satisfè bezwen inik pitit ou a.



Aprè premye vizit ou a, ekip la pral pran yon randevou pou swiv plan manje a epi wè kijan pitit ou a ap grandi. Vizit yo ka fèt nan pwogram nan, atravè telesante, oswa kote pitit ou a pase tan, tankou lakay li, lekòl oswa gadri.